


IJANS RADYASYON AK GWOSES

Apre yon ijans radyasyon, fanm ansent dwe swiv sa otorite ijans yo di epi chèche swen medikal kou otorite ijans yo di pa gen danje pou fè sa.



Espozisyon nan radyasyon prenatal rive lè vant yon fanm ansent espoze nan radyasyon.

Nan pi fò ka radyasyon, dòz radyasyon an nan fetis la pi piti pase dòz pa fanm lan. Vant yon fanm ansent anpati pwoteje fetis la kont sous radyasyon ki andeyò kò li.

Si yon fanm ansent vale oswa respire materyo radyoaktif, materyo sa yo ka rantre nan san li. Apati san fanm lan, materyo radyoaktif ka pase atravè kòd ionbrik la pou ale nan fetis la oswa li ka konsentre nan zòn kò fanm lan ki pre iteris la epi espoze fetis la nan radyasyon.

Efè sou sante fetis la akòz espozisyon nan radyasyon ka grav, menm nan dòz radyasyon ki twò fèb pou manman ta malad. Efè sou sante ka gen ladan foskouch, reta kwasans, malfòmasyon, move fonksyònman sèvo ak kansè.

Yon fetis pi sansib a radyasyon ant 2yèm ak 18yèm semèn gwochès la. Yon fetis ka vin mwen sansib a radyasyon nan fen gwochès la.

Sizoka yon sitiayson ijans radyasyon rive, espè radyasyon yo ka reponn kesyon fanm ansent ak founisè swen sante yo sou espozisyon radyasyon ak gwochès.



<http://emergency.cdc.gov/radiation>